



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 29 out 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEZIYASYON POWÈT AK OTÈ ETA A

Jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse nominasyon Marie Howe pou sèvi kòm 10yèm Powèt Eta New York ak Alison Lurie pou sèvi kòm 10yèm Otè Eta New York. Madam Howe ak Madam Lurie pral sèvi ant ane 2012 ak 2014.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Marie ak Alison reprezante rich talan ak divèsite Eta New York genyen pou ofri. Yo toulède enspire Nouyòkè ki toupatou nan eta a, epi travay yo reprezante gwo resous pou nou tout. Yo vrèman merite lonè sa a, epi avèk lespwa gwo travay yo ap rive jwenn yon odyans ki nouvo ak menm pi gran kounye a.”

Donald Faulkner, Direktè NYS Writers Institute, ak ansyen prezidan otomatik komite revizyon pou Walt Whitman Award pou Powèt Eta New York, di konsa, “Mwen rankontre yon powèt raman ki gen yon sans onètete, entimite, ak franchiz nan travay li. Marie Howe ekri yon fason ki ouvè sou lanmou, pèt, ak redanmsyon. Zèv li yo se yon vwa k ap kontinye grandi nan majik li ak nan vrè kouraj li.”

William Kennedy, Direktè Egzekitif NYS Writers Institute, ak prezidan otomatik komite revizyon pou Edith Wharton Award pou Otè Eta New York, di konsa, “Alison Lurie se yon rakontè istwa ki saj ak espè. Istwa li yo konsantre souvan sou konfli moun marye, pwoblèm nan kay ak absidite akademik–komedi manyè epòk nou men avèk yon efò imen ki pwofon. Li se yon estilis pwoz siperyè ki gen yon talan satirik ki jis anba-chal.”

Enfòmasyon sou Marie Howe, 10yèm Powèt New York:

Marie Howe ap ranplase Jean Valentine kòm Powèt Eta New York, epi li antre nan yon liy long powèt distenge ki te sèvi nan pozisyon an, tankou Billy Collins, John Ashbery, Sharon Olds, Jane Cooper, Richard Howard, Audre Lorde, Robert Creeley, ak Stanley Kunitz.

Marie Howe di konsa, “Mwen gen lonè, mwen sezi, epi mwen kontan pou nouvel sa a. Eta New York se kay mwen pandan tout lavi mwen: rivyè yo, oseyan an, pye erab yo, ansyen bwadòm demantle yo... Mwen te grandi nan lanmou avèk vwa ki t ap chante nan tè sa a: vwa adorab la: powèt ki te pale ak powèt k ap vini.”

Haitian Creole

Marie Howe se otè twa (3) liv pwezi, epi li se ko-edite yon antoloji ekri sou SIDA ki jwenn anpil lwanj. Yo admire pwezi li anpil poutèt l ap chèche repons pou kesyon metafizik nan eksperyans òdinè jou-apre-jou. Nan travay Howe, ti ensidan ak souvni san konsekans ede bay eklèsisman sou kalite nanm ak moun nan, lavi ak lanmò, lanmou ak doulè, peche ak vèti.

Margaret Atwood te chwazi premye koleksyon Howe, *The Good Thief* (1988), pou Seri Pwezi Nasyonal. Nan fè chwa li, Atwood te dekri powèm ki nan volim nan kòm “powèm yo epwouve, ki ekspriye senpleman, epi ki difisil pou bliye; powèm obsesyon ki depase pwòp rasin fonsè yo.” Dezyèm liv Howe, *What the Living Do* (1997), se yon eleji pou frè li ki te mouri avèk SIDA. Chak semèn *Publishers Weekly* yo te lonmen li kòm youn nan senk (5) pi bon koleksyon pwezi pou ane 1997. Twazyèm koleksyon Howe, *The Kingdom of Ordinary Time* (2008) se te yon finalis pou Pri Liv Los Angeles Times.

Nan ane 1994, Howe te pibliye yon antoloji (ki ko-edite avèk Michael Klein), *In the Company of My Solitude: American Writing from the AIDS Pandemic*, ki prezante divès kalite vwa ki pale sou konsekans maladi a.

Howe te fèt nan Rochester. Li te travay kòm yon repòtè pou yon jounal Rochester, epi li te anseye nan Angle nan lekòl segondè anvan li te pran pwezi kòm yon karyè serye lè li te gen laj trantan. Li se yon manm gwoup pwofesè ki ekri nan Sarah Lawrence College. Li te resevwa Pri Lavan Younger Poets nan American Academy of Poets kòm chwa powèt Stanley Kunitz nan ane 1988, ak asosyasyon National Endowment for the Arts ak Guggenheim.

Nan travay li, Stanley Kunitz, premye Powèt Eta lonmen pou Eta New York, li te ekri, “Pwezi Mari Howe se pwezi ki ekselan, entans, ak konvenkan, ki anrasinen nan yon lavi enteryè abondan. Liy long pwofon li abòde mistè lachè ak lespri, nan tèm ki aksesib sèlman pou yon fanm ki renmen tan nou an anpil epoutan ki toujou an kontak avèk sa ki sakre.”

Panèl konsiltatif ki te rekòmande How kòm powèt eta a te gen ladan powèt Sydney Lea (Powèt Loreya eta Vermont), powèt Mark Doty, ansyen powèt eta a, Jean Valentine, ak powèt ak Direktè Writers Institute, Donald Faulkner.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Marie Howe, konekte sou Entènèt nan sitwèb www.mariehowe.com

Enfòmasyon sou Alison Lurie, 10yèm Otè Eta New York:

Alison Lurie ap ranplase Mary Gordon kòm Otè Eta New York, epi l ap antre nan yon gwoup otè kalifye ki te sèvi nan pozisyon an, tankou Russell Banks, Kurt Vonnegut, James Salter, Peter Matthiessen, William Gaddis, Norman Mailer, E. L. Doctorow, ak Grace Paley.

Alison Lurie di konsa, “Mwen kontan ak jwenn lonè pou rekonpans sa a nan eta a kote mwen pase pifò lavi mwen, yon eta ki se kay anpil gwo ekriven ak lektè pasyone ak devwe.”

Haitian Creole

Alison Lurie se otè dis (10) woman, yon koleksyon istwa kout, ak plizyè liv timoun ak travay sou non-fiksyon. Yo konsidere li anpil kòm Jane Austen lèt ameriken kontanporen pou konpreyansyon avanse li ak prezantasyon koutim sosyete ki sanble anpil ak relasyon ant sèks yo. Woman espirityèl ak satirik Lurie yo egzamine lavi klas mwayèn nan, sitou lavi pèsonaj yo nan yon espas akademik nan vil ki gen ti kolèj yo. Christopher Lehmann-Haupt te deklare nan New York Times Lurie “te detèmine tèt li enpe men asireman kòm youn nan womansye ki pi kapab ak espirityèl nan peyi sa a”.

Yo konnen Lurie pi byen pou woman li yo, *The War Between the Tates* (1974), yo te aklame kòm yon klasik epòk ak espas li, ak *Foreign Affairs* (1984), ki te resevwa Pwi Pulitzer. Lòt woman li yo te aklame gen ladan *Love and Friendship* (1962), *Real People* (1969), *The Last Resort* (1998) ak *Truth and Consequences* (2005).

Lurie se yon chanpyon nan literati timoun. Li te ekri tou liv timoun ak travay entèlekyèl non-fiksyon ki egzamine enpòtans literati timoun nan alfabetizasyon ak kilti mondyal.

Lurie te grandi nan White Plains, NY epi li te diplome nan Radcliffe College. Li te anseye nan Cornell University ant ane 1968 jouk lè li te pran retrèt kòm Pwofesè Frederic J. Whiton Professor Literati Ameriken nan ane 1998.

Pano konsiltatif ki te rekòmande Lurie kòm otè eta a te gen ladan womansye ki loreya kounye a, Mary Gordon, womansye Dave Eggers ak Lorrie Moore, ak womansye ak Direktè Egzekitif New York State Writers Institute, William Kennedy.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Alison Lurie, ale sou Entènèt nan sitwèb www.alisonlurie.com.

Enfòmasyon sou Powèt ak Otè Eta a:

NYS Writers Institute ki nan University at Albany, SUNY chwazi Powèt ak Otè Eta a pou manda dezan. Chwa pou Otè ak Powèt Eta a baze sou yon gwoup travay enpòtan ki gen bon merit literè.

Yo te detèmine NYS Writers Institute of the State University of New York, ki nan University nan Albany, kòm yon òganizasyon pèmanan eta a sipòte nan pwojè-lwa ki te siyen pou vin lwa nan ane 1984. Writers Institute bay yon espas pou ekriven yo, ki alafwa selèb ak atiran, toupatou nan lemond pou reyini pou enstriksyon ak echanj kreyatif.

Nan ane 1985, gouvènè a ak lejislati eta a te bay Enstiti a dwa pou bay rekonpans Edith Wharton Citation of Merit for Fiction Writers (Otè Eta) ak Walt Whitman Citation of Merit for Poets (Powèt Eta a) pou otè ki gen siksè karyè ki fè yo merite pi gwo lonè literè Eta New York.

Sou rekòmandasyon de (2) panèl konsiltatif ekriven distenge ki te reyini anba pwoteksyon Enstiti a, gouvènè a bay rekonpans pou sitasyon yo chak dezan pou yon ekriven fiksyon ak yon powèt

Haitian Creole

distenksyon. Pandan manda dezan an, loreya eta a ap sipòte ak ankouraje travay fiksyon ak pwezi toupatou nan New York lè yo bay lekti ak konferans piblik nan eta a. Otè ak Powèt Eta a pa touche lajan, epi pa gen depans eta a pa depanse lajan pou deziyasyon an.

Powèt Eta New York ak kantite tan sèvis yo endike anba la a.

- Jean Valentine, 2008-2010
- Billy Collins, 2004-2006
- John Ashbery, 2001-2003
- Sharon Olds, 1998-2000
- Jane Cooper, 1995-1997
- Richard Howard, 1993-1995
- Audre Lorde, 1991-1993
- Robert Creeley, 1989-1991
- Stanley Kunitz, 1986-1988

Otè Eta New York ak kantite tan sèvis yo endike anba la a.

- Mary Gordon, 2008-2010
- Russell Banks, 2004-2008
- Kurt Vonnegut, 2001-2003
- James Salter, 1998-2000
- Peter Matthiessen, 1995-1997
- William Gaddis, 1993-1995
- Norman Mailer, 1991-1993
- E. L. Doctorow, 1989-1991
- Grace Paley, 1986-1988

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Powèt ak Otè Eta New York ak sou NYS Writers Institute sou Entènèt nan sitwèb <http://www.albany.edu/writers-inst/>

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418